



Politik sou Vizit pou Pwogram Rezidansyèl DDS yo

Pibliye nan dat 6 Jen 2020

Objektif dokiman sa a se pou bay machaswiv pou pèmèt rezidan yo retabli vizit sou yon baz limite pandan pandemi COVID-19 la pandan y ap respekte rekòmandasyon Sant pou Prevansyon ak Kontwòl Maladi a (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante Piblik Massachusetts la (Department of Public Health, DPH). Depatman Sèvis Devlopmanal (Department of Developmental Services, DDS) rekonèt fason li difisil pou rete konekte pandan moman sa a, pandan nou tout ap respekte prekosyon estrik pou sispann pwopagasyon viris la. Kounyeya ekspè sante piblik yo te detèmine ke vizit deyò yo sekirize lè yo swiv estrikteman sèten prekosyon, tankou distans sosyal ak pwoteksyon sou vizaj.

Pwogram Rezidansyèl DDS la gendwa kòmanse otorize vizit deyò yo, pandan y ap swiv règ ki pi ba yo, apati 10 Jen 2020. Chak Pwogram Rezidansyèl DDS (ki rele "Pwogram" nan dokiman sa a) dwe detèmine si vizit yo ka otorize san danje pou rezidan, vizitè, ak manm pèsònèl la.

Zòn Deyò ki Dezinye

- Vizitè yo pral otorize nan yon zòn deyò ki dezinye, tankou lakou, teras, galri ki louvri, pakin, oswa antre yo.
 - Yo pa otorize okenn espas deyò ki fèmen. Pa egzanp, si yo itilize yon tant, li dwe genyen antre lè epi san kote.
 - Si etablisman an monte yon tant, ou ka oblije mande vil oswa lokalite ou an si ou bezwen yon pèmi tanporè pou estrikti a.
- Yo p ap otorize vizitè yo antre nan kay la oswa nan etablisman an pou okenn rezon.

Limitasyon pou Vizitè yo

- Vizit yo pral limite ak 2 vizitè sèlman alafwa.
- Yo ankouraje atoutfòs pou timoun ak moun ki arisk yo rete lakay yo.
- Ka genyen sèl yon vizit alafwa nan yon fwaye an gwoup.
- Yo entèdi Babekyou ak fèt.
- Si yo pa respekte machaswiv sa yo, sa pral lakòz fen vizit la.

Egzamen Vizitè yo

- Tout vizitè yo dwe egzamine anvan yo vizite yon rezidan.
 - Yo pa otorize vizitè yo fè vizit si yo genyen sentòm COVID-19, sa gen ladan lafyèv, tous, souf kout, doulè nan gòj, doulè miskilè, frison, oswa nouvo pèt gou oswa odè.
 - Tout moun ki genyen yon lafyèv (100.0 F oswa plis) **p ap otorize pou vizite** kay la.
 - Tèmomèt yo dwe dezenfekte aprè chak itilizasyon, selon machaswiv fabrikan an.
 - Yo pa otorize vizitè yo fè vizit si yo te teste pozitif pou COVID-19 nan dènye 14 jou yo oswa si yon pwofesyonèl swen sante oswa yon responsab sante piblik te òdone mete yo an karantèn akòz ekspozisyon.

Politik sou Vizit pou Pwogram Rezidansyèl DDS yo

Pibliye nan dat 6 Jen 2020

- Tout moun ki patisipe nan yon vizit epi ki vin gen siy ak sentòm COVID-19 yo tankou lafyèv, tous, souf kout, doulè nan gòj, doulè miskilè, frison, oswa nouvo kòmansman pèt gou oswa odè nan 2 jou aprè vizit la dwe touswit enfòmè pwogram nan konsènan dat yo te sou sit la, konsènan moun yo te an kontak ak yo, ak anplasman kote vizit la te fèt la.
 - Pwogram yo dwe touswit fè tès pou tout rezidan ak manm pèsònèl ki te an kontak ak vizitè a pou nivo ekspozisyon an epi fè swivi ak pèsònèl medikal pwogram lan oswa founisè swen rezidan an.

Mask pou Vizaj

- Yo egzije tout vizitè yo mete yon pwoteksyon sou vizaj pandan vizit la.
 - Vizitè yo dwe pote pwòp pwoteksyon sou vizaj yo, pou yo ka prezève pwovizyon PPE pwogram lan. Sepandan, si yon vizitè pa genyen yon pwoteksyon sou vizaj, l ap resevwa youn.
- Epitou yo pral ankouraje rezidan yo mete pwoteksyon sou vizaj si yo ka tolere l epi fè sa san danje.

Distans Sosyal ak Sipèvizyon

- Vizitè ak rezidan yo dwe swiv gid distans sosyal yo epi rete distans 6 pye youn ak lòt.
 - Tanpri panse pou mande vizitè yo si yomenm ak moun pwòch yo pral anmezi pou respekte distans sosyal paske sa ka kreye konfizyon pou kèk moun oswa li pa rezonab pou yo sou plan emosyonèl. Yo pa rekòmande vizit pou tout moun.
- Yon manm pèsònèl pwogram nan ki fòmè nan sekirite rezidan ak mezi kontwòl enfeksyon dwe rete ak rezidan an toutan pandan vizit la.

Planifikasyon Vizit Alavans

- Yon pwogram gendwa limite longè tout vizit, nan ki jou vizit yo pral otorize a, èdtan pandan yon jounen lè vizit yo pral otorize a, ak kantite fwa pandan yon jounen oswa pandan yon semèn yon rezidan ka resevwa vizit. Yo ankouraje pwogram yo pou bay lè vizit yo pandan tout jounen an, epi dwe repati vizit yo jan sa nesèsè pou teni kont de distans sosyal.
- Vizite yo dwe pwograme ak pwogram lan alavans pou pèmèt kowòdinasyon ak lòt moun ki gendwa vle vizite epi asire nivo kantite anplwaye ki apwopriye tou.
- Li preferab pou fè vizit yo nan menm lè a chak semèn pou rezon planifikasyon.
- Vizit yo pral limite ak sèlman 30 minit pou limite ekspozisyon ak pou asire ke manm pèsònèl ka ede pou vizit la jan sa egzije. Vizit yo pral limite yon fwa pa semèn oswa plis dapre sèl desizyon founisè a.
- Notifikasyon alavans pral asire ke kay la pa nan karantèn epi nan karantèn epi moun y ap sèvi a ka prepare emosyonèlman pou vizit la.
- Pwogram yo dwe konsève yon dosye pou tout vizitè yo, ki enkli non, dat vizit la, ak pèsònèl ki an sèvis yo.



Politik sou Vizit pou Pwogram Rezidansyèl DDS yo

Pibliye nan dat 6 Jen 2020

- Pwogram yo pral kontinye soutni lòt metòd elektwonik pou kominikasyon ant rezidan ak vizitè yo, tankou Skype, FaceTime, WhatsApp oswa Google Duo.

Kay nan Karantèn ak Rezidan ki Izole

- Yo p ap otorize vizit pou okenn moun ki aktyèlman nan izòlman paske yo prezime oswa yo konfime pozitif pou COVID-19 oswa ki nan karantèn akòz kontak etwat oswa kontak familyal.

Dezenfekte Zòn Vizit la

- Si zòn deyò ki dezinye yo genyen ladan chèz, tab, oswa ban piknik, tout sifas yo dwe dezenfekte avèk itilizasyon yon dezenfektan [EPA-a apwouve pou itilize kont SARS-CoV-2](#) aprè chak vizit.

Politik sou Vizit yo Ka Chanje

- Si yo pa respekte machaswiv sa yo, sa gendwa egzije finisman vizit la epi ka mennen yon entèdiksyon tanporè pou vizit.
- DDS, yon pwogram rezidansyèl, oswa yon founisè gendwa chanje politik sa a avèk ti avi dapre egzijans Depatman Sante Piblik la oswa administrasyon sante lokal yo.
- Founisè, etablisman, oswa fwaye an gwoup yo gendwa kontinye entèdi vizit dapre desizyon sou chak ka apa, si tès yon rezidan oswa yon manm pèsònèl pozitif oswa yo montre sentòm maladi, oswa yo detèmine ke yo pa ka fè aranjman pou vizit la yon fason sekirize pou rezidan, vizitè, oswa manm pèsònèl la.